



# Pale sou IV yo

Sante ak sekirite ptit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen ptit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

## Ki sa yon liy nan venn (IV) ye?

Yon liy nan venn (IV) se yon tib fen, fleksib (tankou yon chalimo fen anpil) ke yo mete nan venn ptit ou a pou ba l likid ak medikaman. Yo ka itilize IV yo tou pou pran echantyon san pou tès laboratwa. Ekip Child Life la ka ede ptit ou a sipòte plasman IV a.

## Kisa n ap fè pou kenbe IV ptit ou a an sekirite?

Lè ptit ou a gen yon IV, ekip swen li a pral tcheke kote IV a ye a regilyèman, epi pafwa plis lè y ap bay medikaman, pandan lajounen ak lannwit pou asire ke l ap fonksyone byen. Lè l ap tcheke kote IV a ye a, founisè swen ptit ou a pral:

- Manyen pou tcheke pou anfleman, doulè, oswa chanjman nan tanperati sou po ptit ou a,
- Chèche fwit, woujè, oswa ematom (ble) alantou kote IV a ye a, epi
- Konpare ak lòt zòn sou po ptit ou a.

## Kisa ou ka fè pou ede kenbe IV ptit ou a an sekirite?

Ou ka ede asire IV a byen fikse epi san danje lè w tcheke li souvan. Kote IV a ye a ta dwe toujou mou, tyèd epi sèk. Fè founisè swen ptit ou a yo konnen si kote IV a ye a gen:

- |            |            |          |
|------------|------------|----------|
| • Doulè    | • Pikotman | • Woujè  |
| • Anfleman | • Ap Koule | • Ematom |

**Fè doktè swen ptit ou a konnen si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan IV ptit ou a.**